

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG REKOMENDASI

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana pedaran dina bab saméméhna, ieu panalungtikan téh ngulik ngeunaan struktural jeung étnopédagogik nu aya dina novel rumaja *Jamparing* karya Chye Retty Isnendes. Salian ti éta ieu panalungtikan téh dilaksanakeun sangkan apal naha luyu atawa henteuna dijadikeun alternatif bahan ajar. Tina ieu panalungtikan aya tilu rumusan masalah nu kudu dijawab, nyaéta:

1. Struktur carita novel rumaja *Jamparing*, kahiji téma ieu novel rumaja téh ngeunaan sosobatan lima awéwé nu jadi tokoh utama. Kadua fakta carita nu di jerona ngawengku galur, tokoh jeung latar. Galur dina ieu novel téh nyaéta maju, sabab dina carita pangarang nyaritakeun unggal kajadianna ngaguluyur ti mimiti ngawanohkeun tokoh, tuluy kumaha tokoh utama bisa jadi deukeut nepi ka jadi sobat dalit. Sarta kumaha cara tokoh utama dina matotoskeun pasualan nu karandapan ku salasahiji tokoh utama. Lian ti éta galur dina ieu novel bisa disebut galur maju lantaran taya kajadian baheula nu dicaritakeun ku pangarang, tuluy disambungkeun kana kajadian ayeuna. Ku kituna, ieu carita téh ngagunakeun galur maju. Lebah tokoh, panalungtik ngabagi jadi lima rupa, nyaéta tokoh protagonis atawa tokoh utama carita (Élis, Érin, Éla, Lina jeung Citra). Tokoh antagonis (Intan, Jalu, Opéc, Junéd jeung Zénal). Tokoh tritagonis (kapala sakola jeung Ajun). Tokoh pembawa berita (Utén). Pamungkas tokoh nu ngan disebutkeun dina carita tapi teu kapaluruh kumaha watékna. Ieu tokoh aya opat belas urang (Acép, Oné, Omad, jeung Nano, Bu Euis, Pa Odang, Pa Entoh, Aisyah, Téh Moni, Nona, Lesti, Anita, Karl, jeung Kerkov). Fakta carita latar kabagi deui jadi tilu. Kahiji latar tempat, nu kapaluruh aya 33 (SMP Muhammadiyah SMP Negeri, Sukabumi, Kacamatan Nagrak, salon, sakola, handapeun tangkal caringin, lapang gumbira. Tuluy aya koperasi, buruan sakola, lawang panto, lapang poli, sisi lapang, deukeut tihang, juru lapang, Cibadak, kelas, sawah, *peternakan ayam*, kacamatan, ruang kantor, warung bubur caringin, juru kelas beulah katuhu, dunya, bumi, imah Lina, imah Élis, tépas, pakarangan. Lian ti aya tegalan Ciganas, lembur, kebon ganas, pasawahan, babakan, handapeun tangkal mahoni, juru tegalan, pudunan, jeung imah Dédé). Latar waktu nu kapanggih aya 26 (kelas hiji semester dua,

**NOVEL RUMAJA “JAMPARING” KARYA CHYE RETTY ISNENDES PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVEL DI SMP**

Cucu Siti Fatimah, 2018

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |  
perpustakaan.upi.edu

waktu latihan, sanggeus, ti kelas lima SD, harita, hiji waktu, jeung waktu beres latihan. Aya ogé isuk-isuk, hiji waktu, peutingna, waktu SMP Negeri ngajorang poli, kamari, istirahat/reureuh, poé Minggu, Saptu, isukan, jam 11, sapeupeuting, jam salapan, jam sapuluh, ayeuna, poé Minggu, jam salapan, isuk teuing. Latar suasana aya 31 (sedih, ribut, kanyeri, pikaseurieun/lucu, bodor, bungah, ngimpleng, bingung, ngahuleng, hariwang, nyeuneu, ambek, sieun, kasieun, kagum, teu percaya, serba salah, greget, pikaambekkeun, pikasebeleun, pikaseurieun, panasaran, sepi/tiiseun, camplang, kamanah/kasima, heureuy, sedih, hariwang, aya harepan, sirik, serius, kasima). Katilu sarana carita, nu ngawengku judul, sudut pandang, jeung gaya basa. Sakumaha nu geus disebutkeun saacanna judul ieu novel téh *Jamparing* karya Chye Retty Isnendes. Sudut pandang pangarang dina nyaritakeun ieu novel nyaéta sudut pandang jalma katilu. Gaya basa nu digunakeun nyaéta gaya basa basajan. Sabab, ieu novel diajangeun keur barudak. Tangtu pangarang leuwih ati-ati dina milih diksi atawa kekecapan, sangkan barudak bisa gancang maham kana maksud dina carita.

2. Unsur étnopédagogik dina carita, aya 12 ajén nu dipaluruh. Tina éta 12 ajén téh panglobana nu dicontoan nyaéta ajén bener nu jumlahna 13. Kadua aya ajén pinter (11) jeung silih asih (11). Tuluy aya nu dicontoanna ngan sakali nyaéta sineger tengah. Sedengkeun 8 poin séjénna ngawengku hurip, waras jeung cageur (2), bageur (2), ludeung atawa kawani (3), silih asah (4), silih asuh (3), singer (3), motékar (4), jeung rapékan (2).
3. Sakumaha nu dipedar dina bab opat ngeunaan kritéria milih bahan ajar, ieu novel rumaja *Jamparing* karya Chye retty Isnendes téh luyu pikeun dijadikeun alternatif bahan pangajaran di SMP, sabab ieu buku bisa nyumponan lima hal nu ngawengku tujuan nu hayang dihontal, dianggap miboga ajén pikeun kahirupan manusa, dianggap miboga ajén minangka warisan ti nu saméméhna, aya gunana pikeun ngawasa hiji paélmaan, sarta luyu jeung kabutuhan tur minat peserta didik. Éta lima hal téh nu jadi kritéria milih bahan ajar nurutkeun Haerudin jeung Kardana. Lian ti éta, gaya basa jeung diksi nu dipilih ku pangarang ogé leuwih gampang dicangkem.

## 5.2 Implikasi

**NOVEL RUMAJA “JAMPARING” KARYA CHYE RETTY ISNENDES PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVEL DI SMP**

Cucu Siti Fatimah, 2018

Universitas Pendidikan Indonesia

| repository.upi.edu |

perpustakaan.upi.edu

Implikasi tina ieu panalungtikan, nyatana novel rumaja *Jamparing* karya Chye Retty Isnendes luyu pikeun alternatif bahan pangajaran. Dumasar kana hasil analisis kritéria milih bahan ajar jeung étnopédagogik, ieu novel téh bisa jadi conto pikeun peserta didik, sangkan bisa paham kana karakter-karakter hadé nu dicontoan ku para tokoh dina carita, sarta bisa dilarapkeun dina kahirupan sapopoéna. Ku kituna, ieu buku bisa digunakeun ku guru dina nepikeun pangajaran maca novel di SMP.

### 5.3 Rékomendasi

Tina ieu panalungtikan dipiharep sangkan panalungtikan ka hareupna bisa ngagunakeun ulikan nu sarua nyaéta étnopédagogik kana karya séjénna. Sangkan leuwih loba deui conto-conto karater nu hadé pikeun barudak kiwari. Pikeun guru dipiharep sangkan bisa leuwih selektif dina milih bahan ajar, salah sahijina guru-guru Sunda bisa ngagunakeun novel rumaja *Jamparing* karya Chye Retty Isnendes pikeun referensi dina pangajaran maca novel di SMP.